

Èske yo te ba ou  
refi pou yon sèvis  
Medicaid?

Èske yo te diminye  
oswa kanpe sèvis  
Medicaid ou?

Ou gen dwa pou ou  
pale nan yon Odyans  
San Patipri Medicaid.

Si ou resevwa swen  
atratè Medicaid nòmal  
oubyen ou enskri nan  
yon plan sante oubyen  
plan dantal, Odyans  
San Patipri Medicaid la  
disponib pou ou.



AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE  
2727 MAHAN DRIVE, TALLAHASSEE, FL 32308

[www.AHCA.MYFLORIDA.com](http://www.AHCA.MYFLORIDA.com)

V.012019

AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE

# ODYANS SAN PATIPRI MEDICAID



# FASON POU OU MANDE YON ODYANS SAN PATIPRI

Pou mande yon Odyans Jis, ou kapab kontakte Biwo Odyans San Patipri nan Ajans Administrasyon Swen Sante a (Agency for Health Care Administration), nan yon nan fason sa yo:

**TELEFÒN**  
1-877-254-1055

**LAPÒS**  
Agency for Health Care Administration  
Medicaid Hearing Unit  
P.O. Box 60127  
Ft. Myers, Florida 33906

**IMÈL**  
MedicaidHearingUnit  
@ahca.myflorida.com

**FAKS**  
239-338-2642

Mete non ou, non moun odyans la pou li a ak nimewo idantifikasiyon Medicaid li, nimewo telefon, adrès postal, imèl (si ou gen youn), ak kèk detay sou sèvis yo te refize, diminye, oswa kanpe-a.

Lè biwo Odyans san Patipri-a resevwa demann ou pou Odyans san Patipri-a, yo pral voye yon lèt ki pou ba ou plis enfòmasyon.

## KISA YON ODYANS SAN PATIPRI YE

Yon Odyans san Patipri ba ou yon chans pou rakonte yon ajan odyans istwa ou. Ou kapab mande yon Odyans san Patipri lè ou pa dakò ak yon chanjman oswa refi nan sèvis Medicaid ou.

Ou ka mande yon Odyans Ekitab si ou resevwa yon refi pou Bon Koz pou yon demand pou chanje plan sante oubyen plan dantal la.

Si ou jwenn refi pou medikaman ou nan famasi a, premye bagay ou sipoze fè se pran tiliv Fòm Demann Odyans san Patipri a nan famasi a avan epi travay ak yon Medyatè pou eseye rezoud pwoblèm nan. Nimewo telefon pou ou rele a ap sou fòm ou jwenn nan famasi a.

Si ou enskri nan yon plan sante oubyen plan dantal, ou dwe pase pa pwosesis plent ak apèl plan an anvan ou ka genyen yon Odyans Ekitab Medicaid. Rele plan sante oubyen plan dantal la pou enfòmasyon sou pwosesis plent ak apèl yo a.

Si ou gen kesyon sou Odyans san patipri Medicaid yo oubyen si ou bezwen èd pou jwenn enfòmasyon kontak pou plan sante oubyen plan dantal la, rele Liy Asistans Medicaid nou an nan **1-877-254-1055**.

## REPREZANTAN OTORIZE

Ou kapab fè yon fanmi oswa zanmi mande yon Odyans san Patipri pou ou, oswa patisipe nan yon Odyans san Patipri pou ou. Yo rele yon reprezantan otorize. Pou fè sa, ou dwe voye yon otorizasyon ekri ou te siyen bay Biwo Odyans san Patipri a ki pèmèt reprezantan otorize a aji pou ou.

## KIMOUN KI KAPAB NAN ODYANS SAN PATIPRI MWEN AN

Paske enfòmasyon ou prive, sèl moun ki kapab nan Odyans san Patipri ou a se ou menm oswa reprezantan otorize ou a, nenpòt temwen ou vle mennen pou ede ou eksplike istwa ou, reprezantan Medicaid oswa plan sante a ak temwen yo, ak yon ajan odyans.

## FASON POU PREPARE POU ODYANS SAN PATIPRI OU A

Pa pita pase **10 jou** avan dat Odyans san Patipri ou a, ou dwe voye tout papye ou gen plan diskite nan odyans ou a pou eksplike istwa ou bay Biwo Odyans san Patipri a. Answit ou dwe planifye pou moun ki gen enfòmasyon ki ka ede ou vin pale. Gade nan lèt Odyans san Patipri ou a pou plis enfòmasyon.

## SÈVIS ENTÈPRÈT

Pou ede ou konprann enfòmasyon y ap diskite nan Odyans san Patipri a, ou kapab mande pou yon moun ki pale lang prensipal ou. Sèvis sa yo gratis.

## KISA POU ATANN NAN ODYANS EKITAB LA

Ofisyè odyans lan pa fè pati pri. Yo gen chaj

Odyans San Patipri la pou asire li dewoule kòrekteman, nan fason ki apwopriye, epi swiv tout règleman yo. Ou menm ak reprezantan Medicaid, plan sante ak plan dantal la, chak ap genyen yon chans pou di poukisa ou panse chanjman ki fèt nan sèvis Medicaid ou yo te bon oubyen pa bon. Nou toulede ka genyen nenpòt temwen oubyen papye ki ede eksplike bò pa w la; epi ka poze kesyon epi gade prèv ekri lòt pati a prezante.

## LÒD FINAL

Ofisyè odyans lan ap revize tout enfòmasyon yo jwenn nan Odyans Ekitabl la. L ap pran yon desizyon ki baze sou règleman Medicaid yo. Yap ekri yon Lòd Final ki endike rezulta pwoblèm nan epi voye l bay ou menm, Medicaid ak plan sante oubyen plan dantè a.

## DWA POU KONTESTE YON LÒD FINAL

Ou gen dwa pou konteste desizyon final la men Medicaid ak plan sante a pa kapab. W ap gen **30 jou** apati dat sou Lòd Final la pou

